




Selebrasyon Art

Chè fanmi ak kòlèg,

Kòm yon edikatè ak yon paran, mwen wè anpremye efè enkwayab art genyen sou jèn. Lè elèv eksplòre ak eksperymanse art—kit y ap itilize yon penso oswa yon akseswa, yon kamera oswa yon klarinèt—konfyans nan tèt yo, kapasite panse kritik ak kreyativite yo ogmante.

Se sa ki fè mwen fyè pou travay n ap fè nan Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) pou nou ankouraje edikasyon art, sa ki fè kominote lekòl nou yo vin yon espas ki pi dinamik ki pouse moun ekspriye yo. Ant ane lekòl 2023-2024 ak 2024-2025, nou ogmante fon ki disponib pou art epi nou ogmante kantite pwofesè art aplentan atravè sistèm nou an. Nou envesti nan ArtsHub, yon sant art NYCPS nan Brooklyn, kote elèv ka gen entèaksyon avèk atis pwofesyonèl ak kote edikatè ka jwenn sipò pou yo mete art nan tout aspè nan lekòl kote yo ye a. Epi nou elaji Pakou art elèv (Student Arts Pathways) nou yo, tankou ofri elèv Pre-K leson vyolon, fè pwogram art pandan ete, ak òganize festival tanbou ki konekte borough yo.

Nan yon anviwònman kiltirèl tankou Vil Nouyòk, ou jwenn enspirasyon atistik tout kote—epi mwen vle remèsye edikatè, patnè kominotè, sipòte ki bay lajan ak lòt moun ki ede nan pote enspirasyon sa a nan salklas nou yo. Chak jou, w ap ede elèv nou yo jwenn vwa yo ak dekouvri nouvo pasyon yo genyen.

Nan kolaborasyon,


Melissa Aviles-Ramos
Chanselye

Atansyon espesyal Chanselye a:

Semèn sa a, nou te fè aktivite anyèl [Art nan lekòl](#) nou an nan biwo santral NYCPS nou an, kote nou te selebre enpak edikasyon atistik genyen. Aktivite a te gen ladan l yon pèfòmans Jazz House Teacher Fellows te bay, yon nouvo asosyasyon pou pwofesè mizik NYCPS pou bati kominote ak amelyore pratik yo. Pou yon rezime selebrasyon an, gade videyo aktyalite nou an.

Nonmen yon moun oswa yon pwogram pou Atansyon espesyal Chanselye a [la a](#).

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou paj [YouTube](#) nou an.

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” (“soutit/CC”). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou a.

Nouvèl ak resous NYCPS:

- Tcheke [opòtinite pou elèv](#) desanm sa a sou [The Morning Bell](#).
- Pou jwenn nouvèl ak resous anplis, suiv NYCPS sou entènèt nan [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#), ak [YouTube](#).
- Pou dènye videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan, ale sou [paj YouTube Biwo Majistra a](#). Ou ka [anrejistre tou pou resevwa mizajou](#) ki soti dirèkteman nan biwo Majistra a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl sa a ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).